...wonten ingkang rembag, wonten ingkang boten, sami dipun tingali kemawon, boten antawis dangu pethi lajeng kapendhet, kainggahaken ing prau, lajeng wonten prahara angin dhateng, saking Bali, baita terus layar wangsul, boten kacariyos ing margi, dhateng ing Gresik labuh jangkar, sampun katur dhateng Nyai Ageng Pinatih, dene prahu inggal wangsul kinen mariksa leres, juragan mandhap ngaturi pirsu, amondong pethi kaaturaken Nyai Ageng Pinatih, dipun bikak pethi wau isi jabang bayi jaler, taksih gesang cahya padhang langkung bagus, enggal jabang bayi kapundhut, Nyai Ageng Pinatih* kasusonan nangis boten karsa, kadulang boten karsa ngecapi, Nyai Ageng sanget tresnanipun, saha kalangkung seneng, awit salaminipun kapengin putra, jabang bayi wau kaanggep kados putranipun piyambak, sareng sampun dumugi yuswa kalih welas tahun, dipun gurokaken ngaos datheng Sunan Ngampelgadhing, saha kaeteraken piyambak datheng Ngampelgadhing, sampun katur datheng Kangjeng Sunan Ngampel, Kangjeng Sunan lajeng murugi, ..

* *Tiyang sampun rondha (randha), tru boten pinuju gadhah sesepan punapa saged?*

.....

19

there were some people who wanted to raise it, there were some who didn't, but everyone gazed at it, it was then raised up into the boat, then there was a storm coming from Bali, the boat continued its journey homeward, it is not told which way it followed, arriving in Gresik it dropped anchor, Njai Ageng Pinatih was told, that the ship had just arrived and it was ordered to be examined, the captain of the ship related the story, the box was carried and presented to Njai Ageng Pinatih, the box was opened and it contained a newborn baby boy, he was still alive and radiant in appearance, she took up the baby, Njai Ageng Pinatih* suckled the baby and it cried as it did not want it, nor would it even taste it when spoon-fed, Njai Ageng loved him very much, and was very happy, for a long time she had wanted a child, the newborn baby was treated as her own child, when the child reached the age of twelve years, he was placed as a student of the Koran with Sunan Ngampelgading, and she accompanied him to Ngampelgading, he was presented to Kangjeng Sunan Ngampel, Kangjeng Sunan...

* *The person is already a widow, hence not the right time for her to suckle, how is it possible?⁴¹*

41. A corruption of the ms..

20

...dipun cepeng sarta dipun lus lus sirahipun, Nyai Ageng langkung seneng ing penggalih, Kangjeng Sunan lajeng dangu dhateng Nyai Ageng, kang sabenere putramu iku apa putramu dhewe, apa olehmu ngamek, Nyai Ageng matur, saestunipun angsal manggih, juragan kula kesah layar dhateng Sukadana, wonten laut manggih pethi tosan, isi jabang bayi, saha keprabon ratu, Kangjeng Sunan manggalih yen punika bangsa tedak Rasul, enget dawhipun ingkang uwa, nunten dawuh iya nini ingsun melu mipil putra, Nyai Ageng sakalangkung bingah saha kapundhi pundhi sih paringipun Kangjeng Sunan. Kangjeng Sunan ngandika malih dhateng Nyai Ageng, putranira iku ingsun arani Raden Paku, Nyai Ageng matur ngabekti, punapa karsane Gusti, ngelih nama kawula dereng uninga, Kangjeng Sunan dhawuh, ingsun suwun putramu iku dadiya papakuning jagad, kedhepa wong sanungsa Jawi, Nyai Ageng atur bekti, mugi kabula saking dhawuh paduka, darmi kula anggadhuh paduka ingkang puputra, sinengkalan tahun Jawi, wuruking pandhita uningen tokit, 1377. Kangjeng Sunan...

20

...then approached him, and held him stroking his head, Njai Ageng was inwardly happy, Kangjeng Sunan then asked a question of Njai Ageng: "Whose actually is this child, is he your own, or is he one you have acquired?" Njai Ageng answered: "Actually I was given him, my ship-master was sailing to Sukadana, upon the sea he met an iron box, it contained a newborn baby, and a King's regalia." Kangjeng Sunan considered whether he was a descendant of the Prophet, he remembered what his uncle said, and then said: "Yes my daughter, I agree to look after your son." Njai Ageng was supremely happy and was held in high esteem by Kangjeng Sunan. Kangjeng Sunan said again to Njai Ageng: "Your child I name Raden Paku." Njai Ageng acknowledged saying: "It is the will of God, to change the name (but) I do not understand its meaning." Kangjeng Sunan announced: "I ask your child to become the nail of the universe⁴², respected and honoured by the people of the island of Java." Njai Ageng paid her respects: "May your commandment come true, it is my duty to entrust you with the child." Dated by the sangkala "Wuruking pandhita uningeng tokit, 1377".⁴³ Kangjeng Sunan...

42. Pepakuning djagad. See note above regarding "Papaku".

43. The advice of the pandhita (is) to understand that God is One.

21

...langkung pamardinipun, kasaderekaken kaliyan ingkang putra nama Raden Ibrahim, sapantaran adhik kakang, sampun kempal dados putra piyambak, Nyai Ageng Pinatih nyuwun pamit mantuk dhateng Gresik, Kangjeng Sunan ngandika, sukur den pracaya sira nini, puranira ya putraningsun dhewe, Raden Paku sampun lami winulang langkung gangsar, koran, sitin, usul, pekih, sarap, nahwu, sadaya sampun putus, Kangjeng Sunan langkung seneng, saestu yen tedhak Rasullolah, ingkang bangsa Nabi Ismail. Kacariyos wanci tengah dalu nuju malem Jumuwah, Raden Paku sare ing salebetipun masjid, cahya medal anelahi kadi apa murup (murub), Kangjeng Sunan kaget lajeng medal, aningali salebetipun masjid katingal padhang langkung pelag, Kangjeng Sunan anitik saestu, yen ingkang putra, kabundelan sinjangipun, enjing kapriksa leres ingkang putra, saking Gresik, kala semanten Raden Paku griya kakalih, tigang wulan dhateng Ngampel mangun sarak, wonten Gresik tigang wulan sinau gremen, tumut juragan Kamboja, prau seluk lan keci, Raden Paku ingkang dados juragan,...

21

...continued his lessons, befriended by the son named Raden Ibrahim, they were about the same age, they stayed together as though they were sons, Nyai Ageng Pinatih excused herself and returned to Gresik, Kangjeng Sunan said: "Thanks be to God, you can trust me Nini⁴⁴ your child is also my own." Raden Paku was instructed for a long time and his education was without interruption, studying the Koran, Sitin⁴⁵, fundamentals of Islamic theology and law, Islamic jurisprudence, Arabic conjugations, Arabic grammar and syntax, all were brought to completion, Kangjeng Sunan was very pleased, "Truly a descendant of the Prophet, whose family is the Prophet Ismail." It is told that in the middle of the night of Friday, Raden Paku was sleeping in the Mosque, a ray of light emanated from him which became very bright, Kangjeng Sunan was startled and then he approached, he looked inside the Mosque which was so brightly lit, Kangjeng Sunan looked to see if it was his son, he knotted the boy's sarong⁴⁶, in the morning he thoroughly examined the boy from Gresik, at that time Raden Paku had two houses, three months at Ngampel studying canon law and morality, then three months at Gresik studying trade, he accompanied the ship-master Kamboja, the prau was open and small, Raden Paku became a ship-master,...

44. Nini: grandmother, but also a term for an older woman.

45. From *Sayidina* (?): list of descendants of the Prophet.

46. To ascertain in daylight which boy was emitting light.

22

...wawratan sampun kathah, Nyai Ageng dhawuh dhateng Raden Paku, poma den bisa asudagar, wus jamake wong urip akasap golek asil, anipkahi yayah rena balanjani anak rabi, gawe sangu ngabekti, yen anakarine umur besuk sira kajiya, pun ibu darma gadhahi, Raden Paku atur bekti matur sandika, juragan sampun dhinawuhan, lah sira budhala besuk ing dina Jumuwah bakda salat pukul kalih saad Jabrail, Kemboja matur sandika, sasampunipun salat Jumuwah, Raden Paku pamit nyuwun idi ing guru matur melas sasih (asih), cinepeng sirahipun dhateng Kangjeng Sunan, selameta sira Raden, anglakoni pakone ibu, wus jamake wong anom sinau ngulati rejeki, Raden Paku lengser kairing para kadang, sampun numpak baita, kang ibu sampun paring idi, sakathahing pawongan sami ngiring Nyai Ageng Pinatih, embedhol jangkar nunten mariyem kaungelaken, tonda bidhal layar, supados sami sumerepa ingkang dipun seja dhateng ing Banjar, babar layar angin keras, barat daya kanem, dungkep tigang latri sampun dhateng labuh jangkar seluk keci, amasang...

22

...he already had a lot of cargo, Nyai Ageng said to Raden Paku: "Try to become good in trade, it is normal for people to live trying to earn a living, to provide for father and mother, to provide for the family, if you have spare time in the future you should make the pilgrimage to Mecca, your mother was obliged to do it." Raden Paku then paid his respects and announced his agreement, the ship's captain was ordered to make preparations: "There! You will set out next Friday at the conclusion of prayers at two o'clock, the time of Djabrail." Kamboja expressed his agreement, after the Friday prayer, Raden Paku requested permission to leave from his teacher asking for his blessing, Kangjeng Sunan took his head in his hands and said: "Salam to you prince, carry out your mother's request, it is only normal for young people to learn to make a living." Raden Paku humbly withdrew accompanied by an escort of relatives, he boarded a ship, which his mother had already offered to him, a multitude of maids accompanied Nyai Ageng Pinatih, he weighed anchor and then a cannon was fired, as a farewell salute, so that everyone would know of their intention to go to Banjar, the sail opened to a strong wind, from the south-west in the sixth season, just before the third night they dropped the anchor of the boat, hailed the dingy, then...

23

...gandera ngungelaken mariyem, tondha badhe bongkar supados sumerepa sakathahing langganan, utawi para sudagar, subandar Banjar ngaturi pariksa dhateng Sang Prabu, yen juragan Tandhes sampun dhateng, baita seluk tuwin keci, tuwin malih putra Tandhes tumut sinahon dagang, Raja Banjar sampun paring serat pratondha bongkar, juragan sampun nampi lajeng katur Raden Putra, sampun dipun lilani pandhega nabuh bendhe, rame para sudagar sami bekta panjalin, wonten ingkang bekta kajang, sampun adatipun juragan Banjar yen tumbas kalayan panjalin, utawi kajang, yen sampun sumerep mendhet bayar, kacariyos dagangipun sampun telas sadaya, kalintekakan penjalin kajang sarta bengkuwang, sadinten pinggir pasisir sesak kajang lan penjalin, kawrat seluk lan keci, Raden Paku rembagan kalayan Juragan, padha layara kang esuk, awit prau wus kebak panjalin lan kajang, juragan Kemboja prihatin, lajeng matur kados pundi, gramen taksih kathah antawis sangang duman ingkang wonten tiyang, kang saduman warni panjalin lan kajang, ..

23

...they hoisted a flag and fired a cannon, as a sign that they wanted to unload so that as many customers as possible would know of it, as well as the traders, the shahbandar of Banjar informed the King, that the captain from Tandes⁴⁷ had arrived, with the prince of Tandes there to learn to trade, the King of Banjar gave them a signed letter to unload their goods, the skipper received it and then presented it to the boy prince, they were given permission to strike the bende⁴⁸, a crowd of traders gathered around bringing their rattan, there were some bringing kajang⁴⁹, it was the custom of the Banjar traders to buy with rattan, or kajang, as a substitute for payment. It is said that all the business was finalized, the rattan, kajang and bengkuwang⁵⁰ were exchanged, after a day on the beach it was apparent that there was too little space for the rattan and kajang, it was loaded on the boat, Raden Paku spoke with the skipper, together they would sail on the morrow, because the ship was already full with the rattan and kajang, captain Kemboja was not happy with this, he then said: "What shall we do? There is still the nine parts of the merchandise unpaid, of which one part is paid in the form of rattans and kajang, ..

47. A Mataram term for the Gresik area.

48. Small copper/bronze gong used for attracting attention.

49. Dried palm leaf usually used for roofing.

50. Type of sweet root.

24

...kula langkung ajrih upami nuntena layar, ibu sampeyan meling boten kalilan nilar dagangan, tebihipun Banjar lan Gresik sinten ingkang anagih, Raden Paku anahuri sarwi mesem, angandika sapa kang wani nagih, ingsun ijab sadhekah marang wong Banjar, sadaya juragan tuwin pandhega sami getun, ulate pethak kadi daluwang sami miraos wus begjane awak tan wande dinukan, dagangan entek, duwit ora oleh, temah ingesot anak rabiku, piraha yen ora dadi tebusan, Raden Paku angandika, aja ana kang sumelang, ayo pada budhal, tulak bara isenana wedhi kalawan sela, dimen aja gonjing, sampun bedhol jangkar bidhal layar tengara muni, kaget Raja Banajar, dene prau enggal wangsul ing Gresik, boten kacariyos lampahipun ing margi, sampun dhateng ing lautan Madura, katingalan gunung Giri, enget dhawhipun Nyai Ageng juragan angraos dipun dukani, sampun labuh ing Gresik, tengara sampun mungel, kala samanten ing Tandhes pinuju mentas kabesmen, ..

24

...I am very afraid to set sail now, your mother instructed me not to leave behind merchandise, it is far between Banjar and Gresik, who is the one to collect the payment." Raden Paku smiled broadly, he said: "Who dares to demand payment! I offer it as alms to the people of Banjar." All the traders and the leaders felt dismayed, their faces went white like paper, all felt their unfortunate fate, "The merchandise is all gone but there is no money, the result will be my family getting a reprimand, lucky if they are not taken as hostages!" Raden Paku said: "I hope there is no one who is worried, let us all set out together, and leave today God willing, fill (the ship) with sand and stones, so that it does not over-turn." They weighed anchor and sailed off sounding the bell, the King of Banjar was startled, by the ship setting out on its return to Gresik, it is not told of the route that they took, they entered the Sea of Madura, the mountain of Giri was visible, remembering the instruction of Nyai Ageng the captain became worried, they had arrived at Gresik, the signal was sounded, at that time in Tandes they were suffering from a great fire, ..

...telas telasan, ing ingriku kaget Nyai Ageng, grait wonten sanjata mungel, dene enggal kang putra sampun dhateng, Nyai Ageng utusan pawongan, kinen ningali punapa estu kang putra, sampun dhateng, kapanggih Raden Paku sampun minggah mantuk, Nyai Ageng ngandika dhateng kang putra kapriye lakunira, teka gelis, Raden Paku matur saking idinipun ibu, katingal juragan miwah Pandhega sami sayuk sayuk kados tiyang sakit, jalaran ajrih manawi dipun dukani, juragan nunten matur, inggih gusti prakawis gramen Tuwan sadaya punika putra Tuwan kang kuwahos nyade, tumbas, ngetang bathi, kawula darmi lumampah.

Kacariyos tiyang ingkang sami kabesmen kathah ingkang tumbas kajang lan penjalin, Raden Paku ngandika dhateng juragan, dagangan kinen mendhet, katulungaken tiyang ingkang kamlaratan, tumbas, nyuwun dipun paringi, sadinten telas, kantung sela kalayan wedhi, Nyai Ageng sampun mireng yen kang putra dagangan boten angsal bathi, telas kangge sidhekah, kalampahan baita kalih mantuk kothong, Nyai Ageng prihatin, animbali juragan sarta ingkang putra,..

...Nyai Ageng was startled, she thought she had heard a gun sound, that her son had just arrived, Nyai Ageng sent out a maid servant, she was ordered to see whether it was in fact her son, she was met by Raden Paku who had already set foot on the door of his home, Nyai Ageng said to her son: "How was your journey, so quick!" Raden Paku spoke: "By your blessing mother." He looked at the ship-master and officer who both looked ill at ease, because they were frightened that she would become angry, the ship-master then said: "Yes my lady, the matter of my lady's merchandise, my lord had the right of selling, buying, and calculating profit, we just followed orders."

It is told that of all those who suffered from the fire, many were those who bought kajang and rattan, Raden Paku said to the ship-master: "Go and get the merchandise, help those who are poor, if they want to buy it, so be it, if they want to just take it, then offer it." A day had passed, what remained were the stones and sand. Nyai Ageng had already heard that her son's trading venture did not result in a profit, it had been used up as alms for the poor, his two ships returned empty handed, Nyai Ageng was dismayed by this, she summoned the traders and her son,..

26

...tuwin pandhega, Nyai Ageng ngandika, lah kapriye pakanira agramen, sakabehing dagangan pira bandhane, lan bathine siji sijine, lah Raden kang terang, Raden Paku matur nembah, ibu punika gampil, kula gramen krana Allah, numbas nedha kula sukani, pangandikanipun Allah kang agung, sapa wong adagang samar sidhekah padha sesami kang kamlaratan, Pangeran amangsuli, kang suduman (saduman) winales sadasa duman, ing dunya sahingga akir, manawi manah eklas winales satus duman, wangsul ibu kados pundi, karsanipun, Nyai Ageng ngandika, mulane sira sun wuruk adagang suprih bisa abathi, luwih saking bondha ingkang kathah, ing mengko teka dadi tuna, pau seluk keci teka padha galendhang, iku kaya apa, Raden Paku anuwun dhateng ingkang Maha Sukci, muging Pangeran kang luwih ibu punika dipun paringi donya, sabab kerem dhateng arta, mustajap (mustajab) panuwunipun Raden Paku, Raden Paku lajeng ngandika, lah juragan enggal sira delenga, prahumu wus kebak apa kang ko sedya, sarta ana cirine...

26

...and the officials, Nyai Ageng said: "So, how was your trading venture? What was the value of that merchandise, and what were the profits?" So Raden explained, he bowed: "Mother it was easy, I traded because of God, I bought food that I liked, and God who is great said: 'Whoever trades should give alms to the poor with a full heart.' The lord says: 'That which is one part will be returned in ten parts, world without end, and if done wholeheartedly then it is repaid one hundred fold'; whilst you mother, what do you want." Nyai Ageng said: "At the start I advised you to trade so that you would make a profit, more than the capital which was a lot, but later you returned with a loss, the two ships returned empty, what kind of return is that!" Raden Paku prayed to the Most Holy: "May the Lord who is great, please give mother profits, because she likes money!" Powerful was the prayer of Raden Paku, Raden Paku then said: "There, ship-master, soon you will see, your ship full as you intended, together with a written..."

27

...tulis, bathine dagangan lan titine siji sijine, juragan angucap, longka temen pangandikane Raden Paku, nunten prahu dipun unggahi, katingal sarat, juragan lebar, bungah sakancane, enggal juragan ngaturi pirsu dhateng Nyai Ageng Pinatih, ing mangke baita sampeyan kalih isi sarat, saha ngangge ciri tulis, sakathahing dagangan mawi katulis, sarupine gramen tikel sadasa bathine satunggil tunggile, saking paringe wewalese wong amal, siji winales sadasa, Pangeran sipat adil, Nyai Ageng langkung bingah kang putra dipun timbali, lah Raden sira mareneya, aja adoh adoh ibu banget kangen marang sira, kala samanten Raden Paku juswa pitulas taun, jatmika alus ing budi, anteng, brongta ing Hyang Widi, boten karsa dhahar sare, utawi nginum, kang ibu radi kagimir ningali wadana kadi sasongka, kang ibu semu kagiwang, enget yen putra mipil, angandika arum, aduh putraningsun mareneya aja tanggung sedheng sira kramaha, nanging aja liyan, kaki rawatana pun biyang, aja kapalang doh, awit pun biyang tresna,...

27

...account, telling which part belongs to whom." The ship-master said: "It is unlikely to be true what Raden Paku said." Soon after the ship was boarded, it was seen to be full, the ship-master suddenly cheered up, happy were his companions, immediately the ship-master informed Nyai Ageng Pinatih: "Now your ship and its hold has become full, and there is a written account, each part of the merchandise is marked, all of the merchandise has produced ten times the profit, because it is a gift repaying those who are charitable, one returns ten, the Lord is just." Nyai Ageng was very happy and she called over her son: "So Raden, come here, don't distance yourself, I missed you greatly." At that time Raden Paku was seventeen years old, he was like a nobleman, refined in character, tranquil, much in love with God, he did not want to eat nor sleep, nor drink, his mother was rather moved to see his face which was like the moon, his mother appeared to soften, she remembered when her son used to take (food/milk) little by little, she said softly: "Oh my dear child come here, although you are old enough to be married, don't misunderstand, don't stay too far away, because your mother loves..."

28

...kalangkung marang sira, kang putra matur, ibu punika boten kenging, amargi sampun manjing ibu sayekti, sampeyan mingkisa pambayun, Nyai Ageng nunten bikak semekan, pambayun kasesep Raden Paku ugi medal toyanipun susu, tondha punika yen sampun manjing ibu sayekti, Nyai Ageng wuliya sakala tresnanipun, rahosing panggalih anglangkungi putranipun piyambak, ical ingkang pangridhu, Nyai Ageng sugih kalangkung lingkung, saha ajrih sanget dhateng ingkang putra, dene sampun katingal kramatipun, Raden Paku pamit badhe tapa mati raga dhateng gunung, sampun kalilan, Raden Paku kesah ing gunung Bathang, minggah amesu raga, angabekti, ing ardi wengis panggenanipun amedar rasa, ngeningaken ingkang Maha Sukci, ponca driya boten kaeksi, minggah ardi Gendhing, sampun parekan muji nembah, nunten minggah ardi Sari, angluwat anggening srah jiwa raga, gunung Sidayu kasabdan temune kawula lan gusci (gusti), gunung Lepit panggrahitan, gunung Karang sananing budi, gunung Tumpang pakukusan, Sahimbang gen terbuka,..

28

...you very much." The son said: "Mother I cannot, but because you are my true mother, please reveal your breasts." Nyai Ageng then opened her breast-cloth, the breast-milk was sucked by Raden Paku, the milk flowed out⁵¹, it was a sign that she had become his true mother, Nyai Ageng immediately felt again her love for him, her feeling toward him surpassed that for her own son, gone was the estrangement, Nyai Ageng was very rich, and she was very much in awe of her son, his spiritual elevation was already apparent, Raden Paku requested leave to go and meditate deeply on a mountain, he was granted permission, Raden Paku went to the mountain of Bathang, he climbed it while concentrating his mind, he praised God, on the mountain of Wengis the place where he opened up his feelings (his heart), purifying himself by meditating on the one Supreme Holy, he lost contact with the five senses, he climbed the mountain of Gendhing, he meditated and paid homage (to God), and climbed the mountain of Sari, he meditated to surrender his soul and body, the mountain of Sidayu was the place where there was a meeting of subject and God, the mountain of Lepit gave one awareness, the mountain of Karang was a place of insight, the mountain of Tumpang was a place of maturation, Sahimbang was a place of divine inspiration,..

51. The miracle of spontaneous lactation. Paku had been fasting and was now too weak to eat and even to stand. His mother therefore breast-fed him. Cf. Mackenzies' version where hot rice is rubbed into his skin to restore him.

29

...gunung Sari genne rasa, kawila lan gusti, tunggale gusti kawula sarasa kawula gusti, jayeng sarining surat, wus sampurna dadi wali, sampun dungkap jujuluk prabu Satmata, hit tapa sinengkalen tahun Jawi, tingal terus katon kabeh, 1392, Jeng Sinuhun Prabu Satmata, minggah gunung puri jumeneng wali kutup, sasampuning lami lami Raden Paku wonten ardi badhe sowan datheng Ngampelgading, kala samanten boten wonten baita tambangan, mongka ningali bebathoking cengkir, dipun pundhut lajeng dipun tumpaki, kasogon kalayan cis, boten kacariyos wonten ing margi, sampun datheng ing Ngampelgading, nyungkemi ing guru Kangjeng Sunan angrangkul, aduh putraningsun prapti, wus lawas ora katingal, lah kulup sira matura, apa kang sira jaluk maringsun, Raden Paku matur nembah, kawula nuwun idi, adhedhekah ing pundi ingkang pernah, nuwun pitedah, Kangjeng Sunan angandika, luhung sira lungaha kaji, maring Mekah karo arinira Raden Bonang, mampira maring Malaka, yen wus teka ing...

29

...the mountain of Sari was a place of feeling, the subject and God, unity of God and subject, harmony of subject and God, victory in the essence of the Book⁵², he had already completed the process of becoming a Wali, the time had arrived when he was given the title of Prabu Satmata, the meditation and seclusion happened in the Javanese year of "Tingal terus katon kabeh, 1392."⁵³ Jeng Sinuhun Prabu Satmata, climbed the mountain of Puri and was acknowledged as a most noble Wali, after Raden Paku had been on the mountain for some time he decided to go to Ngampelgading, at that time there was no boat available to hire, he found one half of a young coconut shell, he picked it up then got on top of it, then touched it with his staff, it is not told what happened on this journey, he arrived at Ngampelgading, he prostrated himself before his teacher Kangjeng Sunan who said: "My God! My child, you have come, it has been a long time. So! Please tell me, what is it that you request?" Raden Paku paid homage: "I request permission to speak, where should I make my home, I ask for advice." Kangjeng Sunan said: "One as noble as you should make the pilgrimage to Mekah, to Mekah with your younger brother Raden Bonang, go abroad to Malaka, when you arrive at...

52. Koran.

53. Vision unobstructed and aware of everything, 1470 A.D..

30

...Malaka geguruwa, golekana guruningsun aran Seh Mahulana Awalul Islam, geguruwa ngelmu kang sejati, anuta sapa kone, lah wis sira lungaha, arinira aja kari ibunira akon anggawani titihan prahu keci, Raden Paku nuwun pamit kalilan, sampun datheng ing Gresik, pinanggih Nyai Ageng, Raden kalih sami matur punapa ingkang dados dhawuhipun Sunan Ngampel wau, Nyai Ageng kalangkung sukur, iya nyawa sira den becik, anglakoni tuduhing guru, tak suwun muga Pangeran anjurungi, ibu ingkang nyangoni lan prau keci, iku tumpakana, juragan kadhawuhan ngeteraken ingkang putra, sareng wawratan sampun pepeg, Raden kalih nuwun pamit numpak prau, ingkang ibu sakalangkung ing pangungunipun.

Kacariyos lampahipun baita sampun datheng ing lautan Sedayu, tuwin Tuban, dungkap ing Tanjung War-awar, kacariyos ing laut ngriku ageng sanget balumbangipun, nama Bantheng, ageng gebyugipun, pilih baita ingkang kuwawi, juragan matur, gusti ingkang...

30

...Malaka find a guru, seek out my guru named Seh Mahulana Awalul Islam, seek for that knowledge which is pure and true, obey whatever he orders. There! Off with you! Don't leave behind your younger brother, ask your mother for a small ship." Raden Paku asked to leave, he arrived at Gresik, he met Nyai Ageng, the two Radens told of what had transpired when they met Sunan Ngampel, Nyai Ageng was very happy to hear it: "Yes, my dear, it is good, carry out the advice of the guru, I pray that the Lord is in agreement, mother will provide you with the necessities and the boat⁵⁴, take it!" The ship's captain was ordered to take the son there, when loaded they all gathered together, the two Radens begged leave and boarded the boat, his mother was overjoyed by the experience.

It is told that on its journey the boat arrived at the sea of Sidayu, and Tuban, approaching the cape of War-awar, it is said the that sea in that area is very dangerous, it was called Banteng, because great was the power of the waves, not every boat is capable of going through it, the captain said: " Lord please...

54. Prahu keci: a type of boat; possibly a ketch.

31

...ngatos atos, laut ngriki sunglipun anglangkungi, pilih baita ingkang kuwawi yen katempuh, mawi gendhing ombakipun, sampun kathah baita ingkang pecah jalaran katrajang ing ombak, boten dangu datheng ombak ingkang nama bantheng, suwantenipun kumrusuk, siliran awor lesus, baita mubeng agonjang ganjing, Raden kalih prayitna, sami adodonga, nunuwun ing Pangeran, lenggah datheng cocoring baita, Raden Paku ngagem cis, ombak nempuh baita dipun cis belah dados kalih, anyuwanten jumegur, sampun ical ingkang prahara baita layar siliran kenceng anurut toya, boten kacriyos ing margi antawis satengah wulan datheng ing Mlaka, Raden kalih lajeng minggah madosi padhukuhanipun Seh Awalulislam, waktu asar jujug ing masjid, nunten angabekti, ngaleresi bibar Jumuwah, ingkang ngimami Sang Pandhita, bakda salat Sang Pandhita nyurambi, kakepung para murid, medhar ngelmur rasa, Raden kalih enggal atur bekti, ngaras padaning sang pandhita, Raden Paku...

31

...be careful, this sea is very dangerous, it takes a strong boat that can withstand the hazards, harmonizing with the waves, many are the boats which have broken up because of the action of the waves." Not long after came a wave which was known as "wild bull", it had the sound of a waterfall, there was a whirlwind, the boat yawed and tossed, the two Radens remained on watch, together they prayed, pleading to the Lord for help, sitting on the bow-sprit of the boat, Raden Paku used his cis⁵⁵, the waves assailing the boat were struck by the cis and they divided and became two, there was a rumbling sound, the storm abated, the boat went quickly, it followed the waves, it is not told of their further journey and half a month later they arrived at Melaka, the two Radens then set out to look for the village of Seh Awalulislam, when it was time for the third daily prayer⁵⁶ they went to the Mosque, they paid their respects, their arrival coincided with the ending and dispersal of the Friday gathering, the one who was Imam was the pandhita, after prayers the pandhita went out onto the veranda, all of the pupils gathered around, he expounded on the knowledge of rasa⁵⁷, the two Radens paid their respects to him, they kissed the foot of the pandhita, Raden Paku...

55. Short spear or staff.

56. Between 3 and 5 p.m..

57. Knowledge based on subtle feelings centred in the heart.

...pinengkul ingkang sirah, kalayan angandika, bagey. putuningsun karo, sira kang lagi prapti, sira putrane sapa. nembe ingsun tumingal, Raden kalih matur kula putranipun Sunan Ngampelgadhing andikakaken minggah kaji, saha kautus ngaturaken pangabektinipun putra Tuwan, tuwin dipun dhawuh: nyuwun idi pitedah saking Tuwan, mugè aparinga wangsit, sang pandhita angandika, iya manira wus maklum, lan maneh manira melu takon, ingsun biyen akrama putrining nata ing Blambangan, ingsun tilar isih bobot, apa sira weruh wartane, Raden kalih matur anuwun, kula kalih boten terang, sang pandhita mesem, angandika iya sira sun wuruk, panganggep lan pangidhepe wong urip, sampun winangsit sadaya sampun mangertos, Raden Paku kaparingan nama ajujuluk Prabu Satmata, pinaringan jubah dhesthar, makuta kaprabon, Raden Ibrahim kaparingan nama ajujuluk Prabu Anyakrawati, pinaringan jubah landhung, Raden Paku pinaringan murid kakalih, Seh Grigis tuwin Seh Koja, dhawuhipun...

...was embraced around the head, and (the pandhita) said: "Welcome my two grandchildren⁵⁸, you who have just arrived, you are the sons of whom, you who I have just noticed?" The two Radens answered: "I am the son of Sunan Ngampelgading, told to do kaji⁵⁹, and ordered to pay my respects to you, and told to ask permission to be advised (taught) by you, I pray that you will give us wangsit⁶⁰." The pandhita said: "Indeed, I already understand, and I wish to ask another question, a long time ago I was married to the daughter of the King of Blambangan, I left her when she was pregnant, do you have any news about this?" The two Radens told him: "We are without news." The pandhita smiled, he said: "Yes, you I will teach, thoughts and ideas of human life, you have already acquired spiritual knowledge and already you understand it." Raden Paku was given the title of Prabu Satmata, he was given a cassock and head-dress, a royal crown, Raden Ibrahim was given the title of Prabu Anjakrawati, and he was given a luxuriant cassock, Raden Paku was given two pupils, Seh Grigis and Seh Koja, the pandhita said...

58. Familial terms of respect are the norm in Java.

59. Make the pilgrimage to Mekah.

60. Spiritual guidance.

33

...kulup, rewangmu benjing yen sira dhudhukuh, pinaringan siti saking Mekah sakepel, endi bumi kang padha ambune, panggonane sakidul kulone Gresik, iku sira dukuhana, aja sira lunga kaji, aluhung sira baliya, madhangna tanah Jawa kang isih peteng, Raden Kalih sampun tiningalaken ngelmu gaib, tinggal kang sejati Raden kalih tumenga, sampun katingal ing Mekah, Madinah, sampun dipun lampahi salasahing tiyang kaji, sampun dungkap makam jak, Raden kalih nunten dipun tundhung, sami atur sembah nyuwun pamit nitih baita boten kacariyos wonten ing margi, sampun wonten satengah wulan dhateng anjujug ing Ngampelgadhing, ingkang ibu dipun aturi rawuh ing Ngampel, lajeng sami angabekti, Kangjeng Sunan ngandika padha selamat lakunira, apa katemu sang pandhita, inggih angsal pandonga tuwan wilujeng, saha sampun pinanggih sang pandhita punapa welingipun sang pandhita wiwitan dumugi wekasan, sampun katur ing Kangjeng Sunan sadaya, Kangjeng Sunan manggalih, wus pinasthi dadi pepakuning jagat (jagad), lajeng ngandika dhateng Raden Paku, ..

33

...to the young lad: "These two later will help you when you settle in a village, and here is a handful of earth from Mekah, go to where the earth has the same scent, its place is southwest of Gresik, that is where you will settle, do not go on kaji, it is better that you should return, may you light up the land of Java which is still dark." The two Radens had already been shown esoteric knowledge, seeing what was pure the two Radens looked upward, Mekah and Medinah had already appeared to them, already travelled as far as the pilgrims who search for Mekah, already approached the tomb of jak⁶¹, the two Radens were then sent off, they both then expressed their thanks and requested permission to leave, they took a boat but it is not told which way they took, after half a month they arrived at their destination of Ngampelgading, the mother (of Paku) was informed of their arrival in Ngampel, they both did ngabekti⁶², Kangjeng Sunan said: "Welcome, did you meet the pandhita? Through your prayers you are safe, and you have met the pandhita, tell me his instructions to you from beginning to end." They told Kangjeng Sunan the whole story, Kangjeng Sunan thought: "It is predestined that he become the nail of the world⁶³." Then he said to Raden Paku:..

61. The black stone at Mekah containing Muhammed's ashes.

62. Paid their respects by kissing the knee of a person.

63. Pepakuning djagad. See previous reference to this term.

34

...lah kulup sira dudukuha ana ing Giri, sakidul kulone Gresik, kono bumi kang mulya, lan wruhanira, pandhita ing Pasi iku ramanira dhewe, sadulure ramaningsun kang tuwa, nalika ngejawa krama putri ing Blambangan, ibunira tinilar isih wawrat telung sasi, Raden Paku kumembeng ing waspa, karaos ingkang paweling piwulangipun kados dening putranipun piyambuk, kala semantun sampun wanci mahrip (magrib), Raden Paku angiring salat dhateng masjid, sasarengan tiyang kathah.

Kacariyos ing waktu (wanci) subuh Raden Paku dhateng lepen, mendhat (mendhet) toya wulu ngraup woh dalima, nunten kapendhet kaaturaken ing Kangjeng Sunan, kadhawuhan nyelehaken ing ngarsanipun, nunten salat makmum ingkang rama, sasampuning bakda salat, Raden Paku matur, uwoh dalima punika anggen kula manggih wonten ing lepen, Kangjeng Sunan ngandika iya sabarna dhisik, dimene kang duwe takon maringsun marene, ingsun wus krungu Kiyahi Gedhe Bungkul kang duwe, uwoh dalima iki kango sayembara, sapa sapa kang nemu dadi jodhone putrane,..

34

... "There young lad, you should settle in Giri, southwest of Gresik, it is a place of dignity, and know this, the pandhita at Pasi is your own father, the elder brother of my father, when he went to Java he married the princess of Blambangan, his mother was left behind when three months pregnant, Raden Paku's eyes filled with tears, he felt that his teachings were like those to his own son, it was now time for sunset prayers, Raden Paku accompanied the others to the Mosque for prayers, along with a great number of people.

It is told that at the time of morning prayers, Raden Paku went down to the river, to get water for ablutions and he grabbed a passing dalima fruit, then he took it to Kangjeng Sunan offering it, he was asked to put it in front of him, then he joined in prayer with his father, at the conclusion of prayers, Raden Paku said: "This dalima fruit I did find in the river." Kangjeng Sunan said: "Yes, wait a while, let the one who owns it ask for it here, I have already heard Ki Gede Bungkul is the one who owns it, this dalima fruit is for a contest, whoever finds it becomes the husband of the his daughter,..

35

...ayu rupane namung sawiji, akeh wong kang murih nanging Ki Gedhe Bungkul ora antuk, yen ora kang nemu woh dalima, witing dalima mau salawase mung uwoh siji, ora diunduh mung nganti runtuhe dhewe, kocap kang kaecalan woh dalima, Kiyahi Ageng Bungkul ngupadosi, kalayan angundhangaken, sapa sapa kang nemu uwoh dalima ingsun ganjar rabi putri, wonten santri Ngampel ngaturi pariksa, bilih putranipun Kangjeng Sunan ingkang manggih woh dalima, sampeyan dipun entosi Kangjeng Sunan Ngampel, enggal Kiyahi sowan atur bekti ing Kangjeng Sunan Ngampel, woh dalima sampun wonten ngarsanipun Kangjeng Sunan Ngampel, lajeng angandika, apa sira kang duwe woh dalima iki, ditemu putraningsun ana ing kali, Ki Ageng matur, inggih kula ingkang gadhah, sarwi matur, inggih sokur manawi putra tuwan piyambak, ingkang manggih, punika kula angge sayembara, sinten ingkang manggiha dados jatu kramanipun anak kula, saha anggadhahi sadaya donya brana kula, Raden Paku tinimbangan, Ki Ageng Bungkul sareng ningali sakalangkung...

35

...she is beautiful and is the only child, many were the people who tried but Ki Gede Bungkul did not accept it, only the one who was able to find the dalima fruit, the tree of the dalima for a long time always bore one fruit, it was not picked but left until it fell of its own accord, he said the one who finds the dalima fruit, Ki Ageng Bungkul seeks him, and he proclaimed, that whoever finds the dalima fruit I give as a prize, marriage to the daughter." A member of the Santri⁶⁴ informed (the Kyai), that the son of Kangjeng Sunan was the one who found the dalima fruit, he said: "You are being awaited by Kangjeng Sunan Ngampel." Soon Kiyahi visited Kangjeng Sunan Ngampel expressing his respects, the dalima fruit was in front of Kangjeng Sunan Ngampel, then he (Sunan) said: "Are you the one who owns this dalima fruit, found by my son in the river?" Ki Ageng replied: "Yes I am the one who owns it, thank you, indeed I am grateful that your son himself, was the one who found it. It was this which I used for a prize-contest, that whoever may find it becomes the spouse of my child, and shall possess all my worldly goods." Raden Paku was summoned, when Ki Ageng Bungkul saw him he was exceedingly...

64. Close adherents or students of Islam.

...bingah, Kangjeng Sunan ngandika, prakara ningkahe putranira pasrahan maringsun, gancanging cariyos sampun kapanggihaken, wonten ing Ngampelgadhing, Raden Paku sampun kalilan mantuk dhateng Gresik, badhe dhudhukuh, ngestokaken dhawhipun ingkang rama, sakulawarga sami ngeteraken sadaya, punapa malih Ki Ageng Bungkul. Sampun dhateng ing Gresik, Nyai Ageng Pinatih bingah sanget, awit angsal mantu ayu warninipun, kabektanan brana kathah, Nyai Ageng Pinatih siyang dalu kasukan, salajengipun bibaran ingkang sami ngeteraken mantuk asowang sowang.

Kacariyos putranipun Kangjeng Sunan Ngampel, ingkang nama Nyai Ageng Manyuran, sampun krama angsal putranipun raja pandhita ing Gresik, nama Aji Ngusman, apuputra Sunan Ngudung, Sunan Ngudung puputra Sunan Kudus.

Putranipun Kangjeng Sunan Ngampel ingkang nama Nyai Ageng Malaka, ugi krama angsal putranipun raja pandhita ing Gresik, ingkang nama Ngusman Kaji, apuputra kalih, ingkang sepuh Sunan Murya, ingkang enem estri kagarwa Sultan Demak, putranipun Sunan Ngampel ingkang patutan...

...happy, Kangjeng Sunan said: "Concerning the matter of the marriage, the daughter should be put in my care." To shorten the story, they were married, it was in Ngampelgading, Raden Paku had already returned to Gresik, he wanted to settle there, to follow the advice of his father, the whole family accompanied him, even Ki Ageng Bungkul. Having arrived in Gresik, Nyai Ageng Pinatih was very happy to receive her pretty daughter-in-law, bringing with them many goods, Nyai Ageng Pinatih day and night celebrated, after it was over the ones who accompanied them there returned to their respective homes.

It is said that the daughter of Kangjeng Sunan Ngampel, the one named Nyai Ageng Manyuran, she married the son of the priest-king of Gresik, his name was Aji Ngusman, their child was Sunan Ngudung, Sunan Ngudung had the child Sunan Kudus.

The daughter of Kangjeng Sunan Ngampel named Nyai Ageng Malaka, also married a son of the priest-king of Gresik, the one called Ngusman Kaji, they had two children, the oldest was Sunan Murya, the youngest was a female who married Sultan Demak, the daughter of Sunan Ngampel who was produced by...

